# ПУБЛИЦИСТИКАЛЫҚ СТИЛЬДИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИНДЕ ЭКСТРАЛИНГВИСТИКАЛЫҚ ФАКТОРЛАР

***Арепбаева Н.М.***
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети таяныш докторанты*

**Таянч сўзлар:** публицистика, текст, медиа текст, журналистика, экстралингвистикалық фактор, публицистикалық стиль, функциональ стильлер.

**Ключевые слова:** публицистика, текст, медиатекст, публицистика, экстралингвистический фактор, публицистический стиль, функциональный стиль.

**Key words:** journalism, text, media text, journalism, extralinguistic factor, journalistic style, functional style.

Заманагөй мазмундағы әҳмийетли социаллық ҳәм сиясий әдебиятларды өз ишине қамтыйтуғын «публицистиканың ўазыйпасы социаллық пикирди оятыў ҳәм оны қәлиплестириў, белгили бир мақсетке бағдарлаў, ҳүжжетли факт ҳәм мағлыўматлар тийкарында реаль көринисти сәўлелендириўден ибарат» [1] екен, социальлық искерликтиң бул тараўында хызмет етиўши арнаўлы қураллар ҳәм олардың тилден пайдаланыўдағы арнаўлы стили жүзеге келеди. Бул тил билиминиң функциональлық стильлери системасында публицистикалық стиль деп аталады. Публицистикалық стильдиң қарақалпақ тил билиминде қәлиплесиўине тийкар болатуғын лингвистикалық ҳәм экстралингвистикалық факторлар бар. Биз, оларды анализ етиўге ҳәрекет етемиз.

Қарақалпақ тил билиминде бул тараў менен шуғылланған қәнигелердиң пикиринше, публицистикалық стиль қарақалпақ әдебий тилиниң функциональлық стильлери системасында, тийкарынан, XX әсирдиң басларында пайда болды [2]. Себеби, XX әсирдиң 20-жылларынан баслап қарақалпақ тилиндеги туңғыш «Еркин Қарақалпақ» газетасы баспадан шыға баслады. Бул газетасының дәслепки саны Хожели қаласында 1924-жылы 31-декабрьде шығарылды [3]. Қарақалпақ тилинде дәслепки газетаның шығарылыўы публицистикалық стильдиң лексикалық қурамы, грамматикалық

қурылысы жағынан кем-кем қәлиплесип, жетилискен функциональлық стиль сыпатында раўажланыўына себепши болды.

XX әсирдиң 30-жылларында болса баспасөздиң көлеми «Жеткиншек», «Жас Ленинши», «Ылғаллы» сықлы газеталар есабынан кеңейди ҳәм А.Қудабаев, С.Мажитов, Ж.Аймурзаев сықлы жазыўшылардың искерлиги нәтийжесинде жетилисип барды.

Тарийхқа нәзер тасласақ, қарақалпақ публицистикасының тарийхый тамырлары Бердақ, Әжинияз, Күнхожа, Өтеш, Омар шайырлардың дөретпелери менен басланады, олардың шығармаларында публицистиканың дәслепки көринислери ушырасады. Мәселен, Бердақтың «Ақмақ патша», Әжинияздың «Еллерим барды», Күнхожаның «Елим» ҳәм басқа да әдебий шығармаларын заманның көринисин, турмыстың реаль картинасын сәўлелендиретуғын публицистикалық дөретпелер деп атаўымыз мүмкин.

Бердақ Ғарғабай улының қосықларын тереңирек анализ етип, илимий көз-қарастан изертлесек, оны қарақалпақ көркем публицистикасының тийкарын салыўшы шайыр, - деп баҳалаўға болады. Публицистиканың тарийхый тамырлары соншелли узаққа барып тақалыўына қарамастан, оны қарақалпақ тилиниң функциональлық стильлеринен бири сыпатында арнаўлы үйрениў кейинги дәўирлерге туўра келди. Атап айтатуғын болсақ, Е.Бердимуратовтың «Әдебий тилдиң функциональлық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы» [2] мийнети қарақалпақ тил илиминдеги функциональлық стильлер ҳаққындағы дәслепки илимий жумыс болып табылады. Сондай-ақ, М. Айымбетовтың «Опыт лингвостилистического анализа лексики и морфологии каракалпакского публицистического текста» [4] темасындағы кандидатлық диссертациясы, З.Оразымбетованың «Қарақалпақ күнделикли баспасөзи тилиниң қәлиплесиўи» [5] темасындағы кандидатлық диссертациясы ҳәм «Қарақалпақ күнделикли баспасөзи тилиниң стильлик өзгешеликлери» темасындағы докторлық диссертациялары публицистикалық стильдиң бир көриниси болған газета тили ҳәм стили мәселелерин илимий изертлеген дәслепки жумыслардан есапланады. Бул диссертацияда баспасөз тили ҳәм стилиниң пайда болыў, қәлиплесиўи ҳәм өзине тән өзгешеликлери баян етиледи. Булар қарақалпақ тил илиминдеги публицистикалық стиль, соның ишинде газета тилиниң өзгешеликлери бойынша жазылған илимий изертлеў жумыслары болып есапланады. Бирақ, қарақалпақ тил илиминдеги бул изертлеўлерге дейин публицистикалық стиль ҳаққында пикир-таласлар басқа тиллерде болған. Мәселен, рус тил билиминде В.Костомаровтың «Русский язык на газетной полосе (некото-

рые особенности языка современной газетной публицистики)» (М.1971), Г.Я.Солганиктиң «О языке газеты» (М.1968); «Стилистика публицистических жанров» (М.1970), Д.Розентальдың «Язык и стиль средств массовой информации и пропаганды» (М. 1980); «Стилистика газетных жанров» (М.1981) илимий мийнетлери, өзбек тил билиминде М.Рахмановтың «Синтаксические особенности языка газеты «Туркистон вилоятининг газети»» диссертациясы, (Ташкент, 1971), Амина Бабоеваның «Газета тили ҳақида» (Ташкент, 1983), Т. Қурбановтың «Публицистический стиль современного узбекского литературного языка» (Ташкент, 1987) атамасындағы кандидатлық жумысларында публицистикалық стильге тийисли болған пикирлер ямаса публицистиканың анық бир жанрының тиллик өзгешелеклери илимий жақтан үйренилген. Бирақ, олардың бәринде де публицистикалық стильге тән болған лингвистикалық ҳәм экстралингвистикалық факторлар толық ҳәм ҳәр тәреплеме анализленбеген еди ямаса бул жумысларда усы мәселелер арнаўлы ўазыйпа етип қойылмаған еди. Сонлықтан да, бул ўазыйпалар кейинги дәўирлердеги диссертацияларда әмелге асырылды ҳәм кейинирек теманы тереңирек изертлеўлер избе-из пайда бола баслады. Олардың арасында, әсиресе, өзбек тил билиминде А.Абдусаидовтың мийнетлери дыққатқа ылайық. Илимпаздың газета жанрының тили ҳәм стилин үйрениўге бағышланған кандидатлық ҳәм докторлық диссертациялары ҳәм баспадан шыққан илимий мақалалары өзбек тили стилистикасының раўажланыўына сезилерли дәрежеде қосылған үлес болып табылады [6].

Қарақалпақ тилиниң функциональлық стильлер системасында публицистикалық стильдиң айрықша орын ҳәм дәрежеге ийе екенлиги, оның социаллық турмыста кең көлемдеги социаллық-сиясый, руўхый-ағартыўшылық, мәдeният ҳәм спорт сыяқлы тараўларға хызмет етиўи менен өзгешеленеди. Ғәрезсизлик дәўиринде Өзбекстан соның ишинде Қарақалпақстанда ғалаба хабар қуралларына ғамхорлық мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Бул бойынша тийисли нызамлар ҳәм қарарлар қабыл етилип, баспасөз еркинлигиниң ҳуқықый тийкарлары жаратылды. «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында»ғы Нызамның 1-статьясында газеталар, журналлар, хабарнамалар, бюллетеньлер, хабар агентликлери, телевидение (кабелли, эфир-кабелли телевидение) ҳәм радиоеситтириўлер, ҳүжжетли кино, электрон хабар системасы, сондай-ақ, турақлы атамаға ийе болған, мәмлекет қарамағындағы, еркин ҳәм басқа ғалаба хабар қураллары белгиленип, оның 3-статьясында ҳәр ким ғалаба хабар қуралларында шығып, өз пикири ҳәм исенимин ашық түрде баян етиў ҳуқықына

ийе екенлиги, 4-статьясында Өзбекстан, соның ишинде Қарақалпақстан Республикасында ғалаба хабар қуралларын цензура қылыўға жол қойылмаслығы белгилеп қойылды. Ең әҳмийетлиси, ғалаба хабар қуралларының искерлиги барқулла мәмлекетимиз басшысының дыққат орайында турыпты. Ш.М.Мирзиёев абыройлы жыйналысларда, шет еллик журналистлер менен болған ушырасыўларда ғалаба хабар қуралларының роли, жәмийет турмысында тутқан орны ҳаққында қайта-қайта айтып өтеди. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң сессиясындағы баянатында: «Ғалаба хабар қураллары жәмийетимизде ҳақыйқый «төртинши ҳәкимият» қа айланыўы, пуқаралардың сиясий ҳуқық ҳәм еркинликлерин жүзеге шығарыўда ең тәсиршең фактор болыўы керек. Бул болса, ең дәслеп, ҳәр бир пуқараның өз пикирин еркин баян ете алыўы, информация алыў, мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысының оғада әҳмийетли мәселелерин талықлаўда белсендилик көрсетиў ҳуқықын тәмийинлеўи демекдур», - деген еди.

Ҳақыйқатында да, мәмлекетимиз турмысына жүда үлкен руўхый-ағартыўшылық, тәлим-тәрбия ўазыйпасын атқаратуғын, үгит ҳәм нәсият жумысларын алып барыўда жәрдемши болған ғалаба хабар қураллары барқулла реформалардың алдынғы қатарында болыўы, оны иске асырыўда, мазмун ҳәм әҳмийетин халыққа түсиндириўде тийкарғы күш болыўы керек. Публицистикалық стиль бойынша алып барылатуғын изертлеўлер болса усы тараў искерлигин илимий жақтан шөлкемлестириўге, тилден пайдаланыўдағы мәдений ҳәм норма дәрежесиниң жетилисиўине, сондай-ақ, халқымыздың руўхый дүньясы ҳәм мәдениятының және де раўажланыўына хызмет етеди.

Публицистикалық стиль қарақалпақ тилиниң функциональлық стильлери арасында ең кейин пайда болған стиль. Солай болса да, тилден пайдаланыўдағы имканиятларының оғада кеңлиги жағынан олардың ҳәммесинен жоқары турады. Публицистикалық текстлерде тилдиң барлық лексика-грамматикалық қатламларына, функциональлық стильлерине тән болған элементлерди ушыратыў мүмкин. Бул болса публицистиканың жәмийетлик турмысқа жүдә жақынлығы ҳәм оның атқарып киятырған социаллық ўазыйпасы менен белгиленеди.

Илимий әдебиятларда публицистикалық стиль – көпшилик стиль, социаллық-публицистикалық стиль, газета-публицистикалық стиль, газета-сиясий стиль, газета стили сыяқлы терминлер менен аталып киятыр. Ғалаба хабар қураллары деп аталған қураллар, соның ишинде күнделикли баспасөз – газета ҳәм журналлар да радио ҳәм телевидение мәмлекетимиз-

диң социаллық-сыясый турмысында жүдә әҳмийетли роль ойнайды, хабар технологиялары әсириниң бүгинги раўажланыўын олардың араласыўысыз көз алдымызға келтириўимиз қыйын. Мәмлекетимиз турмысында, пүткил дүньяда болып атырған ҳәр қандай әҳмийетли машқала: сыясый, экономикалық, философиялық, мәдений, тәрбиялық, күнделик-турмыслық ҳәм басқа мәселелер, мине, усы қураллар жәрдеминде халыққа жеткерилип берилмекте, соның менен бирге, жәмийеттиң руўхый-ағартыўшылық, тәртип-тәрбиялық раўажланыўына қаратылған үлкен агитация ҳәм пропаганда жумыслары да тийкарынан, мине, усы қураллар жәрдеминде алып барылмақта.

Кейинги жылларда жәмийеттиң раўажланыўында жүз берген социаллық-сыясый өзгерислер, қарақалпақ халқының өз ғәрезсизлигине ерисиўи нәтийжесинде қарақалпақ публицистикасы тараўында айтарлықтай өзгерислер жүз берди. Үгит-нәсият жумысларының мазмун ҳәм әҳмийети, бир тәрептен, жаңадан қәлиплескен миллий идея ҳәм мәмлекетимиз бойлап түптен әмелге асырылып атырған реформалар, екинши тәрептен болса, дүньяда жүз берип атырған глобалласыўы, хабар жибериў ҳәм қабыл етиўдеги жаңаланыўлар, түрли характердеги социаллық-сыясый ҳәм әскерий өзгерислерге байланыслы түрде түптен өзгерди. Сонлықтан да, публицистика тараўында тилден пайдаланыўда өзине тән мазмун ҳәм жуўапкершилик талап етеди. Бул болса тәбийий түрде қарақалпақ тили публицистикалық стилиниң жаңа тәреплериниң пайда болыўына алып келди. Соның ушын да оны турмысымызда болып атырған өзгерислер призмасында қайтадан көрип шығыў ҳәм анализлеўге зәрүрлик пайда болады.

**Әдебиятлар:**


1. Ўзбек миллий энциклопедияси, 7-том. -Тошкент: ЎзМЭ Давлат илмий нашриёти, 2004, 1954-б.
2. Бердимуратов Е.Е. Әдебий тилдиң функциональлық стиллериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. – Нөкис: Билим, 1973. – Б. 311.
3. Байниязов Қ, Газетамыздың биринши редакторы. «Еркин Қарақалпақстан», 1999, 6-ноябрь.
4. Айымбетов М. Опыт лингвостилистического анализа лексики и морфологии каракалпакского публицистического текста: Дис. … канд. фил. наук. – Нукус, 1991.
5. Оразымбетова З.Қ. Қарақалпақ күнделикли баспасөзи тилиниң стильлик өзгешеликлери. Док.дисс. Нөкис., 2019.
6. Абдусаидов А. Язык газеты и литсратурная норма: Автореф.дис...канд. филол. наук. - Ташкент, 1988.; Газета жанрларининг тил хусусиятлари: Филол. фан. д-ри. ...дис. автореф. - Тошкент, 2005.; Газета жанрларининг тили ва услуби. - Самарканд, 2001; Газета тили ва адабий норма. - Самарканд: СамДУ нашри, 1986; Газета тилида мақоллардан фойдаланиш. - Самарқанд: СамДУ нашри, 1987; Газега тилининг лексик-стилистик хусусиятлари. Самарқанд: СамДУ нашри, 1991; Матбуот тили маданияти. - Самарқанд, 2002; Шу муаллиф. Матбуотда адабий нормага риоя қилиш муаммолари. - Самарқанд, 2001; Фразеологизмлар - матбуот тилида таъсирчан восита. - Самарқанд, 2001.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақола қорақалпоқ тилининг функционал системасида публицистик услубнинг ўрни, унинг шаклланишидаги экстралингвистик омиллар, қорақалпоқ адабий тилида публицистик услубнинг турлари, ижтимоий хизматлари ҳақида айтилиб, публицистик услуб ҳақидаги илмий ишлар ҳар томонлама таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассказывается о роли публицистического стиля в функциональной системе каракалпакского языка, экстралингвистических факторах его формирования, типах публицистического стиля в каракалпакском литературном языке, общественной деятельности, а также всесторонне анализируются научные работы по публицистическому стилю.

**SUMMARY**

This article talks about the role of journalistic style in the functional system of the Karakalpak language, extralinguistic factors of its formation, types of journalistic style in the Karakalpak literary language, public activities, and also comprehensively analyzes scientific works on journalistic style.